**दिन—बुध** **दिनांक—24.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

संसदक दुनू सदन मे आइ विपक्षी दल सभ बजट मे किछु एनडीए शासित राज्य सभ के प्रमुखता देल जयबाक आरोप लगबैत हंगामा कयलनि। हंगामा आ हो—हल्ला के कारण राज्यसभा आ लोकसभाक कार्यवाही बाधित रहल। लोकसभा मे आइ एहि मुद्दा पर विपक्षी सदस्य लोकनि सदन सँ वॉकआउट कयलनि। कांग्रेस, समाजवादी पार्टी, डीएमके, तृणमूल कांग्रेस सहित आन दल सभक सदस्य लोकनि आन्ध्रप्रदेश आ बिहारक अलावे आन राज्य सभक संग कथित रूप सँ भेदभाव करबा पर विरोध प्रदर्शन कयलनि। अध्यक्ष ओम बिड़ला हस्तक्षेप कऽ कार्यवाही के सुचारू रूप सँ चलेबाक प्रयास कयलनि। संसदीय मामिलाक मंत्री किरेन रिजीजू सेहो विपक्षी सदस्य लोकनिक व्यवहार पर आपत्ति जनौलनि। ओ कहलनि जे प्रश्नकालक दरमियान विरोध प्रदर्शन उचित नहिं अछि। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो विपक्षी सदस्य लोकनि एहि मुद्दा पर प्रदर्शन कयलनि। शून्यकाल मे केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन कहलनि जे आम बजट मे किछु राज्य सभक संग भेदभाव करबाक आरोप गलत अछि। ओ स्पष्ट कयलनि अछि जे कोनहुं बजट मे सभ राज्यक नाम नहिं लेल जा सकैत अछि। श्रीमती सीतारामन कहलनि जे बजटीय घोषणा सँ सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ के समान रूप सँ लाभ पहुंचत।

---

बिहार विधान मंडलक मॉनसून सत्रक तेसर दिन आइ आरक्षण, सिंचाई आ बिहार के विशेष राज्यक दर्जा के मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनि दुनू सदन मे जबर्दस्त हंगामा कयलनि। राजद, कांग्रेस आ सीपीआइएमएल के सदस्य लोकनिक विरोध प्रदर्शन के कारण विधानसभाक कार्यवाही कतेको बेर स्थगित करऽ पड़ल। आइ सदनक कार्यवाही शुरू होयतहिं आरक्षणक मुद्दा पर सरकार सँ जवाब के मांग करैत विपक्षी सदस्य लोकनि सदनक बीचोबीच आबि गेलाह। सदस्य लोकनि तख्ती आ पोस्टर लऽकऽ नाराबाजी कऽ रहल छलाह। विधानसा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव सदस्य लोकनि सँ शांति के अपील करैत अपन स्थान पर जयबाक आग्रह कयलनि। जकर हंगामा कऽ रहल सदस्य लोकनि पर कोनो असरि नहिं भेल।

हंगामाक मध्य सदनक कार्यवाही स्थगित कऽ देल गेल। एम्हर, विधान परिषद मे सेहो विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामाक कारण विधायी कार्य निबटेबा मे लगातार बाधा उत्पन्न होइत रहल।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बिहार के विशेष पैकेज देल जयबा पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि अछि। विधानसभा मे आइ विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामाक मध्य मुख्यमंत्री कहलनि जे कांग्रेस आ राजदक विधायक हाय–हाय कऽ रहल छथि। हिनका लोकनि के एकर अलावे आओर किछु नहिं अबैत अछि। श्री कुमार विपक्ष पर विशेष राज्यक दर्जा के मुद्दा सँ लोकसभ के भ्रमित करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे राजद केन्द्र मे जखन यूपीए सरकार मे सम्मिलित छल तखन विशेष राज्यक दर्जा किएक नहिं देल गेल। श्री कुमार कहलनि जे आरक्षणक दायरा बढ़बाक लेल सेहो हुनक पार्टी सुप्रीम कोर्ट धरि गेल छल।

———————————————————————

राज्यक प्रतियोगिता परीक्षा सभ मे प्रश्नपत्र लीक आ गड़बड़ी के रोकबाक लेल विधानसभा मे बिहार लोक परीक्षा अनुचित साधन निवारण विधेयक दू हजार चौबीस के सर्वसम्मति सँ पारित कऽ देल गेल। विधेयक मे पेपर लीक आ परीक्षा मे गड़बड़ी सँ संबंधित अपराध के गैर–जमानतीय बनाओल गेल अछि। एहि विधेयक मे दोषी पाओल गेला पर गंभीर अपराधक मामिला मे तीन सँ दस वर्षक कारावासक सजा आ एक करोड़ टाका धरिक जुर्माना के प्रावधान अछि। एहि विधेयक मे कदाचार मे लिप्त अभ्यर्थी लोकनिक विरूद्ध सेहो कार्रवाई के प्रावधान अछि। दोषी पाओल गेला पर अभ्यर्थी लोकनि के पाँच सँ दस वर्षक सजा आ दस लाख टाका धरिक जुर्माना के प्रावधान अछि। एहि सँ पहिने ई विधेयक संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी सदनक पटल पर प्रस्तुत कयलनि।

———————————————————————

वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनीक पिता जीतन सहनी के हत्या मामिला मे पुलिस चारि अभियुक्त के रिमांड पर लेलक अछि। वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जलारेड्डी जनौलनि जे हत्याकांड मे उपयोग हथियार बरामद कऽ लेल गेल अछि। ओ कहलनि जे आगाँ के कार्रवाई कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

नेपाल मे काठमांडू के त्रिभुवन अन्तर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा सँ उड़ान भरबाक दरमियान आइ नेपाली एयरलाइंसक एक विमान दुर्घटनाग्रस्त भऽ गेल। एहि मे अठारह गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जनतबक अनुसार विमान मरम्मत काजक लेल उन्नैस कर्मचारी आ तकनीशियन के लऽकऽ पोखरा जा रहल अछि। चालक दल के सदस्य मे सँ एक व्यक्ति के बचा लेल गेल अछि।

———————————————————————————

राज्यक उत्तर—पश्चिम आ उत्तर—पूर्व भाग मे वर्षा मे कमी के कारण नदी सभक जलस्तर मे कमी आयल अछि। मुदा नदी सभक कटाव सँ संकट के स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि। हमर सुपौल संवाददाता जनौलनि जे कोसी नदी के कटावक कारण मुंगरार के वार्ड नंबर नओ मे लोकसभक खेत आ घर नदी मे समा गेल अछि। कटाव सँ प्रभावित लोकसभ अपन बचल समानक संग सुरक्षित स्थान पर पलायन कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बकरी थाना क्षेत्र अंतर्गत विभिन्न स्थान सभ सँ पुलिस अंतरराज्यीय मोटरसाइकिल चोर गिरोहक पाँच अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त